Nouvo Obligasyon pou Mete Mask nan Espas Enteryè

6 Daout, 2021

Chè Kominote Kanpis,

Konte Prince George te anonse ke konte an t ap rekòmanse ak obligasyon pou mete mask nan espas enteryè yo, aplikab apati 8 Daout, 2021 a 5 p.m. Obligasyon sa fèt akoz ogmantasyon ka COVID-19 yo, epi li valab pou moun ki vaksinen ak moun ki pa vaksinen.

An akò ak rekòmandasyon sante piblik yo, done COVID-19 yo, ak règleman konte nou an, **Inivèsite Maryland ap egzije kounya pou tout moun mete mask nan espas enteryè yo, kèlkeswa estati vaksinasyon w.** Pou moun ki pa vaksinen yo, mask lan ap obligatwa tou lè w nan espas eksteryè ki gen anpil moun.

Anplis, mask la ap kontinye rete obligatwa nan sitiyasyon sa yo pou tout manm kominote UMD an:

- Nan transpò piblik (Shuttle-UM ak bis lekòl yo);
- Nan patisipasyon aktivite ki gen elèv K-12 (tankou kan ete, gadri, elatriye) epi
- Nan resevwa swen sante (ki enkli tout sit tès COVID-19 yo).

Ou ka retire mask lan nan espas enteryè nan kondisyon sa yo:

- Si ou pou kont ou nan yon chanm, biwo,laboratwa oswa espas etid;
- Nan chanm/swit/apatman rezidans yo , sèlman ak kamarad chanm yo; epi
- Pa moman lè w ap manje oswa bwè.
- Si ou pa vaksinen, kèlkeswa estati egzanpsyon w, tanpri chita a 6 pye distans de lòt moun yo.

Nou rekonèt ke mask lan kapab deranjan nan espas travay oswa sal klas, men nou kwè ke se yon nesesite ak yon etap pridan pou priyorize sante ak sekirite pou tout kominote kanpis la.

Konfòmite pou Vaksinasyon
Vaksinasyon an rete etap ki pi enpòtan ou kapab pran pou kenbe tèt ou, fanmi ou ak kominote ou san danje. Si ou poko fè sa, tanpri al pran vaksen an epi konfime estati vaksinasyon w oswa mande yon egzanpsyon imedyatman nan return.umd.edu. Vaksinasyon an obligatwa pou tout etidyan, pwofesè ak anplwaye k ap retounen sou kanpis la pou sesyon otòn 2021 sa. Genyen gwo konsekans pou etidyan, pwofesè ak pèsonèl ki pa respekte politik sante ak sekirite COVID-19 nou yo, sa gen ladann anilasyon enskripsyon kou pou etidyan, ak sanksyon pwogresif, ki enkli ranvwa pou anplwaye yo.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite sit entènèt Enfòmasyon COVID-19 oswa voye yon imèl bay healthconcerns@umd.edu. Si ou bezwen èd konsènan egzijans ak/oswa konfòmite pou vaksen an, tanpri ranpli fòmilè Demann Asistans pou Konfòmite COVID-19

N ap kontinye siveye de prè epi ajiste pwotokòl COVID-19 nou yo jan sa nesesè pou prezève sante ak sekirite kominote nou an. Nou remèsye w pou efò w nan respekte mezi sante ak sekirite nou yo pandan pandemi sa.

Ale an byen epi pwoteje tèt ou,

Darryll J. Pines
Prezidan, Inivèsite Maryland
He/Him/His

Spyridon S. Marinopoulos, MD, FACP
Direktè, Sant Sante Inivèsite a
Medsen an chèf, University of Mayland
He/Him/His